Wikipédia

# Basa Tambora

| Tambora | |
|---|---|
| **Asal** | Indonésia |
| **Laladan** | Sumbawa |
| **Ètnis** | Tambora |
| **Cures** | 1815 |
| **Kulawarga basa** | durung kapantha, bokmanawa kagolong basa Papuah kanthi dhedhasar tetembungan dhasar sing ana |
| **Kodhe basa** | |
| **ISO 639-3** | xxt |
| **Glottolog** | tamb1257 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/tamb1257)[1] |

**Basa Tambora** iku basa non-Austronésia (Papuah) sing tau digunemaké ing sakiwa-tengené Ujung Sanggar, Pulo Sumbawa. Basa iki karan ora lumrah amarga sanajan kagolong basa Papuah, basa Tambora digunemaké ing kabudayan lan praja maritim sing pernahé ing tengah-tengahé Nusantara (saiki Indonésia), cedhak Pulo Bali tur malah adoh sakuloné Pulo Papuah. Mulané, basa iki ingaran basa Papuah sing pernahé kulon dhéwé.[2] Sing ora lumrah liyané ya iku basa iki kalebu basané praja dagang maritim kaya déné basa-basa Papuah sing dienggo ing praja Ternaté lan praja Tidhoré ing cedhak Pulo Halmahéra. Basa lan kabudayan Tambora cures amarga panjeblugé Gunung Tambora ing taun 1815.

## Tetembungan

Saka tembung-tembungé, basa iki katitik yèn dudu basa Austronésia. Pratélan tembung-tembung basa Tambora tau katulis ing cathetané Raffles sing panulisé sadurungé Gunung Tambora njeblug ing taun 1815. Pratélan iki ngamot sithik tembung silihan saka basa-basa Austronésia.

Ing pratélan ngisor iki[2], ⟨ng'⟩ kaanggep minangka trankripsiné [ŋ] lan ⟨dj⟩ trankripsiné [dʒ]. Banjur garis sambungan iku bokmanawa nglambangaké tandha hamzah [ʔ]. Ana rong tembung sing cetha silihan saka basa Malayu. Zollinger (1850) uga ngandharaké sawatara tembung sing bokmanawa uga tembung silihan saka basa Austronésia liyané. Tambora mono punjering dedagangan lokal, mulané sawatara tembung silihan pancèn wis kinira. Basa Tambora dinuga duwé gegayutan génétis karo kulawarga basa Timor-Alor-Pantar[2].

| Tambora | glos | Tambora | glos |
|---|---|---|---|
| *seena* (AN?) | 'siji' | *maimpo* | 'sikil' |
| *kálae* | 'loro' | *kiro* | 'getih' |
| *nih* | 'telu' | *kóngkong* | 'dina' |
| *kude-in* | 'papat' | *tádung* | 'wengi' |
| *kutélin* | 'lima' | *kidjum* | 'turu' |
| *báta-in* | 'enem' | *sílam* | 'mati' |
| *kúmba* | 'pitu' | *si-yang* (Z: Malayu?) | 'putih' |
| *koného* | 'wolu' | *naido* | 'ireng' |
| *láli* | 'sanga' | *sámar* | 'apik' |
| *saróne* | 'sepuluh' | *gonóre* | 'bala' |
| *sisaróne* | 'rongpuluh' | *maing'aing* | 'geni' |
| *simári* | 'satus' | *naino* (Z: Madura) | 'banyu' |
| *doh* (Bima) | 'manungsa' | *gónong* (Z: Malayu?) | 'bumi' |
| *sia-in* (Z: Sanggar) | 'wong lanang' | *ilah* | 'watu' |
| *óna-yit* | 'wong wadon' | *kíwu* | 'babi' |
| *homóri* | 'bapak' | *kilaíngkong* | 'manuk' |
| *yelai* | 'ibu' | *andik* (Z: Jawa) | 'endhog' |
| *kokóre* | 'sirah' | *karáyi* | 'iwak' |
| *saing'óre* | 'mata' | *ingkong* | 'srengéngé' |
| *saing kóme* | 'irung' | *mang'ong* | 'wulan' |
| *búlu* (Malayu) | 'wulu, rambut' | *kingkong* | 'lintang' |
| *sóntong* | 'untu' | *mákan* (Malayu) | 'mangan' |
| *sumóre* | 'weteng' | *hok-hok* (Z: Jerman?) | 'lungguh' |
| *taintu* (Timor?) | 'tangan' | *moríhoh* (Sanskrit?) | 'Hyang' |

# Cathetan sikil


1. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Tambora" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/tamb1257). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
2. Donohue, Mark (2008-01-03). "The Papuan Language of Tambora" (https://muse.jhu.edu/article/228921). *Oceanic Linguistics* **46** (2): 520–537. ISSN 1527-9421 (https://www.worldcat.org/issn/1527-9421). doi:10.1353/ol.2008.0014 (https://dx.doi.org/10.1353%2Fol.2008.0014).


# Kapustakan


- Mark Donohue, 2007. The Papuan language of Tambora (http://muse.jhu.edu/journals/oceanic_linguistics/v046/46.2donohue02.pdf). *Oceanic Linguistics* 46(2):520–537.
- Stamford Raffles, 1817, 1830. *History of Java,* vol. 2, app. F, 198–199.



Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Tambora&oldid=1353390"

**Kaca iki pungkasan diowah nalika 14.41, 15 Novèmber 2017.**

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.